




## Enfòmasyon konsènan Timoun Minè k ap Bwè Alkòl nan Vil New York

Youn sou kat (27%) adolesans Vil New York [New York City (NYC)] (ki gen laj 12-20 tan) te bwè alkòl nan dènye 30 jou yo. Sèz pousan te bwè plis pase senk vè alkòl (gwo bivè) nan omwen yon okazyon nan dènye 30 jou yo.<sup>1</sup>

### Pou kisa lè timoun minè bwè alkòl sa enpòtan?

Moun ki kòmanse bwè anvan yo gen laj 21 ane ogmante risk yo pou gen twoub itilizasyon alkòl.<sup>2</sup>

Tank yon moun kòmanse bwè bonè tank l ap gen plis risk pou li gen akoutimans pou alkòl<sup>2</sup>




Bwè alkòl asosye avèk konpòtman arisk tankou aktivite seksyèl san pwoteksyon, bwè alkòl epi kondi machin, epi fè eksperyans oswa angaje nan konpòtman tankou batay fizik.

Chak ane, chòk ki asosye avèk alkòl (omisid, swisid, ak chòk san entansyon) lakòz 5,000 ka lanmò pami moun ki poko gen laj 21 ane nan Etazini.


Nan ane 2011, te gen prèske 7,000 vizit nan depatman ijans akòz alkòl pami moun New York ki poko gen laj 21 ane (320 pou chak 100,000 moun New York ki poko gen laj 21 ane).<sup>3</sup>

### Kisa nou konnen sou moun k ap bwè alkòl pami elèv lekòl segondè leta nan Vil New York?<sup>4</sup>

Jèn moun Vil New York yo gen mwens chans pou bwè pase rès popilasyon Etazini




Jèn moun blan ak jèn Ispanik Vil New York gen plis chans pou bwè pase jèn moun nwa oswa jèn Azyatik yo




## Kisa elèv lekòl segondè leta Vil New York bwè anjeneral epi ki kote yo jwenn li souvan?

**Yon moun sou senk achte alkòl yo**



**Plis pase mwatye bwè alkòl**




\*Gen ladan bwason malte ki gen savè, tankou Smirnoff Ice oswa Hard Lemonade ak refwadisè diven, tankou Bartles & Jaymes


## Kijan li fasil pou moun ki poko gen laj 21 ane achte alkòl?

Anketè sekre nan Administrasyon Alkòl Eta New York te vizite plis pase 911 boutik Vil New York nan ane 2014 pou teste si yo ta vann alkòl ba timoun minè. Plis pase mwatye (58%) boutik yo te vann ba timoun minè.

**Machann diven ak alkòl andeday vann ba timoun minè souvan menm jan ak vandè byè andeday**



**Boutik ki te resevwa sitasyon pa twò lontan gen plis chans pou mande ID ak mwens chans pou vann ba timoun minè**



<sup>1</sup> SAMHSA, Center for Behavioral Health Statistics and Quality, National Survey on Drug Use and Health, 2010-2012.

<sup>2</sup> Hingson RW, Heeren T, Winter MR. Age at Drinking Onset and Alcohol Dependence: Age at Onset, Duration, and Severity. *Arch Pediatr Adolesc Med.* 2006;160(7):739-746.

<sup>3</sup> Drug Abuse Warning Network, 2011: Selected Tables of National Estimates of Drug-Related Emergency Department Visits.

<sup>4</sup> New York City Department of Health and Mental Hygiene. Bureau of Alcohol and Drug Use Prevention, Care, and Treatment - Youth Risk Behavior Survey 2013